

Vizit Inivèsèl Adomisil

Family Connects NJ se yon **pwogram volontè gratis** ki ofri yon vizit lakay ak enfimiyè ki resevwa fòmasyon pou nenpòt fanmi k ap pran swen yon tibebe ki fenk fèt. Pwogram nan disponib pou tout fanmi New Jersey.

Pandan premye semèn enpòtan apre akouchman an, Family Connects NJ bay fanmi yo yon vizit prive lakay yo ak yon enfimiyè ki resevwa fòmasyon espesyal. Enfimiyè pwogram yo pral tcheke pwa tibebe a, epi evalye sante fizik ak emosyonèl tibebe ki fèk fèt la ak paran yo. Enfimiyè Family Connects NJ bay enfòmasyon tou sou sijè enpòtan tankou manje, somèy, ak resous kominotè ki disponib, si sa nesesè.

Kijan pou w enskri

Fanmi yo ka aprann plis enfòmasyon epi mande yon vizit enfimiyè lè yo vizite sit entènèt Family Connects NJ. Pou fanmi ki ta prefere enskri nan telefòn, sitwèb la gen ladan tou nimewo telefòn pou founisè lokal enfimiyè Family Connects NJ nan konte lakay ou.

Pou aprann plis
ak enskri, vizite
FamilyConnectsNJ.org
oswa eskane kòd QR.



Pwen Esansyèl Pwogram lan

- ✓ Yo bay swen **gratis pou ou**, nan konfò ak senplisite nan kay fanmi an, epi li konplètman volontè.
- ✓ Sèvis yo disponib pou fanmi **biyolojik, adoptif, ak fanmi resous ki gen yon tibebe ki fèk fèt**, ansanm ak paran ki fè eksperyans ak lanmò nan akouchman oswa pèt tibebe ki fèk fèt yo.
- ✓ **Enfimiyè ki resevwa fòmasyon espesyal yo** evalye sante fanmi ou, fè tès depistaj pou posibilite konplikasyon yo, reponn kesyon yo, epi adrese nenpòt chanjman inatandi fanmi yo ap sibi pandan de premye semèn apre akouchman an.
- ✓ Enfimiyè yo pral konekte fanmi yo ak **resous kominotè** yo dapre sikonstans espesifik yo.

*Pandan ke pwogram nan pral limite okòmansman ak kèk konte, li pral devlope pwogresivman nan lòt konte NJ.